ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№6 (23.414) ● 2017 гъэм щІыШылэм (январым) и 14, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кумпіыл Мурат Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ егъэзащІэ

УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ щІидзащ Кумпіыл Мурат Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну и пщэ дэлъхьэным теухуа унафэм. Апхуэдэ хьыбар зэбгригъэхащ Кремлым и пресс-Іуэхущіапіэм.

«АДЫГЭ Республикэм и Іэтащхьэу хахар и къулыкъум пэрыувэхукІэ, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну гъэувын Кумпіыл Мурат Къэралбий и къуэр», - итщ къыщащта махуэм щегъэжьауэ къару зыгъуэта Указым.

Нэхъ пасэу Путин Владимир арэзы техьуащ республикэм и Іэтащхьэу лэжьа Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий щыІущІам ар и къулыкъум текІыным теухуауэ зыщІэлъэІуам. Къэралым и унафэщІым апхуэдэуи диныгъащ а къулыкъум Адыгейм и Парламентым и Унафэщі Кумпіыл Мурат гъэувыным теухуауэ Тхьэкіушынэм къыхилъхьа жэрдэмыр.

Тхьэкіушынэ Аслъэнджэрий республикэм и Іэтащхьэ къулыкъум пэрытащ 2007 гъэм къыщыщІэдзауэ. 2012 гъэм абы дэжь ирагъэзауэ щытащ ар а къулыкъум 2017 гъэм щІышылэм и 13-м нэсыху пэрытыну.

Кумпіыл Мурат 2008 гъэм къыщыщІэдзауэ республикэм и Правительствэм и Унафэщіу лэжьащ, 2016 гъэм и бжьыхьэм Къэрал советым - Хасэм и тхьэмадэу ягъэувауэ щытащ.

Журналист нэхъыфІхэр ягъэпажэ

Урысейм и Печатым и махуэр щагъэлъапІэм ПечатымкІэ Унэм зэхьихьэ гуапэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ республикэм и телевиденэхэм, радиом, газетхэм, журналхэм я лэжьакІуэхэр, министерствэхэм, къулыкъущІапІэ зэхуэмыдэхэм къикІа хьэщІэхэр.

ЗЭІУЩІЭМ и пэщІэдзэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Республикэм и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм зэрызахуигъэзэм къеджащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Ахъуэхъу Таймураз**. Абы УФ-м и министерствзхэм къабгъэдэкІ Щыхь тхылъхэмрэ КъБР-м и Правительствэм и Фыщіэ тхылъымрэ зыхуэфащэхэм яритыжащ.

Журналистхэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщагъу **Дроздов Игорь**, КъБР-м и

● Пшыхьхэр

курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр **Хьэсанэ Ислъам**, щэнхабзэмкІэ министр **Къумахуэ Мухьэдин**, лэжьыгъэмкІэ, щІыхуэр Іэнатіэхэмкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ министрым и къуэдзэ **Ацкъан Ратмир**, Граждан жылагъуэ Іэхъущіапіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іэхъухэмкіэ управленэм и унафэщІ **КІурашин Анзор**, мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрым и къуэдзэ **Уэдыхь Тимур**, Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ къэрал комитетым и унафэщІ **Къэзанш Людмилэ**, Узыншагъэр хъумэныкІэ министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщІ **Щомахуэ Лилие**, КъБР-м и Журналистхэм я зэгъэхьэныгъэм и унафэщым и къуэдзэ **Шаваевэ Разият** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Ди республикэм къыщыхъу-къыщыщІэхэр, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щекІуэкІ зыужьыныгъэхэр, гъащІэм и зэхъуэкІыныгъэхэр Іэзэу къэзыгъэлъэгъуэж теле-радио журналистхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ я лэжьакІуэхэр Щыхь тхылъхэмкІэ, саугъэтхэмкІэ, фІыщІэ псалъэхэмкІэ, дамыгъэ лъапІэхэмкІэ ягъэпэжащ министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэхэм. Апхуэдэуи КъБР-м и Жур-налистхэм я зэгухьэныгъэм 2016 гъэм иригъэкІуэкІа зэпеуэм зи лэжьыгъэр нэхъыфІу къыщалъытахэм я цІэ къраІуащ.

Пшыхь гуапэм зи пщІэр щаІэтахэм ящыщу я цІэр къитІуэну дыхуейт «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэу УФ-м Связьмрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и министерствэм и щІыхь тхылъ зрата **Истэпан Залинэ**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым къыбгъэдэкІ ФІыщІэ Тхьілъ зыхуагъэфащэ **Къарей Элинэ**, Бзыпъхугъэхэм я Налшык зэгухьэныгъэм и Щыхь тхылъкІэ ягъэпэжа **Уэрдокъуэ Женя**, КъБР-м Граждан жылагъуэ Іэхъущіапіэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іэхъухэмкіэ и управленэм и Щыхь тхылъ зрата **Жыласэ Маритэ**, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІа зэпеуэм «Газет тхыгъэ нэхъыфІ» унэтІыныгъэм щытекІуа, Союзым и Щыхь тхылъыр зыхуагъэфащэ **Щоджэн Іэминат** сымэ.

Республикэм и журналист нэхъ пашэхэм папщІэ къыззрагъэпэща пшыхьыр гуапэу екІуэкІащ икІи районхэм, республикэхэм, хъыбарегъащІэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ зэлэжьэгъуэхэр зэбгъэдэсащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Іэщіагъэм и щэхухэм щагъэгъуазэ

Хабзэ хъуауэ, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, КъБР-м Печатымрэ щІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и къэрал комитетым, «Советская молодежь» газетым и редакцэм къыхалъхьауэ ди республикэм щолажьэ журналист ныбжьыщІэхэм я школыр, «Акулы пера» зыфІащар.

ПРОЕКТЫМ хэтыну ирагъэблагъэ журналист ныбжьыщІэхэр, пресс-Іэнатіэхэм, республикэм и хъыбарегъащІэ агентствэхэм я лэжьакІуэхэр, блогерхэр, тхэным дихьэх студентхэр, школакІуэ нэхъыжьхэр.

Журналист Іэщіагъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм ахэр мазэ зыбжанэкІэ щагъэгъуэзэнущ КъБР-м и журналист цІэрыІуэхэм, а Іэщіагъэм и ветеранхэм, тхакІуэхэм, егъэджакІуэхэм. Школым екІуалІэхэм ахэр ядэлэжьэнущ лъэныкъуэ кудкІэ: тхылъым зэрелэжьэн хуей щІыкІэр ирагъэщІэнущ, иджырей технологие пэрытхэр Іэнатіэм къызэрыщыгъэсэбэныпхъэр нэрылъагъу щащІынущ, журналистикэм и жанрхэм нэхъ куууэ щагъэгъуэзэнущ.

«Акулы пера» егъэджэныгъэ проектым хэтыну хуейхэм тхылъхэр кьыІах 2017 гъэм и мазаем и 1 пщІондэ. Ахэр евгъэхь хъунущ otdel smi kbr@mail.ru электрон адресым, «Акулы пера» псалъэхэр, фи цІэ-унэцІэр, телефоныр къыщыгъэлъэгъуауэ. Іэхум нэхъыфІу щыгъуазэ зыхуэзыщІыну хуейхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонымкІэ: 8 (8662) 40-82-89 (Сарбашевэ Аминат).

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Жыг хадэхэм къахохъуэ

Дзэлыкъуэ щІыналъэм пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэхэр къыщощІэрэщІэж.

СЭРМАКЪ, Светловодскэ жылагъуэхэм псынщІэу зызыужь жыгхэм хуэдэ гектари 166-м щыхасащ, мы гъэм къыпыкІэу щІадзэн хуейщ.

Мы гъатхэм Дзэлыкъуэдзэ жылэми гектар 30 щыхасэну я муращ. Жыгым елэжьыну гупыж зыщІа бэдзэнэдырылажьэхэм зэрыжаІэмкІэ, Дзэлыкъуэ щІыналъэм и дуней щытыкІэри, щІым иІыгъ псылагъымрэ хуабагъэмри сыт и лъэныкъуэкІи Іэхум къозэгъ, къагъэкІ пхъэщхьэмыщхьэм щІэупщІэ зэриІэнуми шэч къытрахьэркъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу

Арщ и хабзэр гъащІэм

* * *

Зэхызохыр къыхэІукІыу жэщым,
Куэдрэ сянэм уэрэд къызжиІар.
ЩІыхубз гуэрым, щІигъэхъаеу гущэр,
И бын цІыкІум къыхуриш хъунщ ар.

Жэщ мамырхэм щІылъэм къедэхащІэ
Мазэ нурыр - кІэнщэу щІэщыгъуэнщ.
Абы ещхьщи иджыпсту дахащэу
КъэІу гущэкъу уэрэдыр - жьы мыхъун.

* * *

Зы дакъикъэ япэкІэ гущІыхьэу
Гъа сабийр, гуфІэжу дэ долъагъу.
Арщ и хабзэр гъащІэм: зэм допыхьэ,
Зэми додыхьэщхьыр дэ, ныбжьэгъу.
Бжейр мэхъу гъатхэм щхъуантІэ, щхьэ баринэ.
Гъуэжьщ ар бжьыхьэм - уэщхыпсыр и нэпсщ.
Ар хэтынущ пщІанэу уэс борэным,
Ар хъужьынущ аргуэру щхъуантІэпс!

* * *

И нэр къэплъэжыну мэгугъэ хьэфизыр.
Поплъэ щыхъужьынум игъэщэІур узым.
МакІуэ гъуэгурыкІуэ ешар, и псэр пыхуу,
ПІащІэу дыхьэжьыну и жьэгу хуэбэм, нэхум,
Зи уахъты къэсахэр - псэуну мэгугъэ,
Лей къызылъысахэр - щогугъыр захуагъэм.
Гуауэ щІыІэм хэтым - гуауэр зыщ щІишэчыр:
Быдэу ар мэгугъэ, пщэдей гуфІэжынкІэ.
Хихакъым гугъэр гъащІэм, толъкъуным щІилъафэм -
Нэсыфын къыфІощІыр зыхуеІэ псы Іуфэм...
Зыгъэнэхур гугъэрщ дэ ди жэщхэр махуэу.
Араш иІэр сыт щыгъуи щІэгъэкъуэну цІыхум.
Согупсыс мычэму: дауэт си гъуэгу гугъум
СызэрехъуІэнур, сщІымыгъуамэ гугъэр?

* * *

- Нэхъ хужь дыдэу щыІэр сыт?
- Нэхъ хужь дыдэр цІыху гуфІэгъуэрщ.
- Сыт нэхъ фІыцІэу дунейм тет?
- ФІыцІэр гуауэрщ, гузэвэгъуэрщ.

- ЦІыхур щыІэ зыпикІуэт?
- Ар, вы бжьакъуэу, егъэш жыгъэм.
- Іэмал лъэпкъ зимыІэр сыт?
- Псоми кьыттпэщылъ лІэныгъэрщ.

ЗэзыдзэкІар
БИЦУ Анатолэщ.

● КъБР-м и Парламентым

КъыкІэлъыкІуэ зэІущІэр щыщыІэнур яубзыху

КъБР-м и Парламентым 2017 гъэм и гъатхэ лэжьэгъуэм и япэ зэІущІэр екІуэкІащ. Ар къызэІуихащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр зыхуэдэмрэ ар зэрауб зыхумрэ теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм. Абы зэхъуэкІыныгъэ халъхьащ къуажэхэм я бюджетхэм ягъакІуэ налогхэр зы мардэм хуэгъэкІуэным епхауэ. Къуажэдэсхэм я хэхъуэм щхьэщатыкІ налогыр проценти 8-уэ, мэкъумэш Іэнатіэм къаритым техьэр процент 20-у псоми зэхуэдэу хуагъэуващ.

КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен** къызэхуэсахэр хигъэгъуэзащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэхэм зэхущытыкІэхэр щызэпеубгъэным теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм и проектым. Абы ипкъ иткІэ республикэм мы зэманым Іэхъу зыбжанэ щызэфІагъэкІ. Законопроектым зэхегъэщхьэхукІ КъБР-м и Правительствэмрэ щІыналъэм щыпсэухэм я узыншагъэр хъумэным кІэлъыплъыну абы къызэригъэпэщ Іэхъущіапіэмрэ я пщэрылъхэр. Апхуэдэуи Хабзэм къегъэнахуэ щыхуэхэм медицинэ хуэІухуэщІэ пщІэншэу яГуэтыным теухуауэ къэралым пщэрылъ зыщищІыжыр и лъабжьэу ди щІыналъэ программэр зэраубзыхур.

Законыр къащтэмэ, 1996 гъэм щышхьэуІум и 13-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм я узыншагъэр хъумэным теухуауэ» КъБР-м и Хабзэ къыдагъэкІам къаІуу имыІэжу къалъытэнущ. Мы Іэхъум иджыри зэ щыхэпльэжынущ КъБР-м и Парламентым и зэІущІэм.

ЗэІущІэм хэтахэр хэплъащ федеральнэ закон зыбжанэм я проектхэм, УФ-м и нэгъуэщІ щІыналъэхэм хабзэмкІэ я жэрдэмхэмрэ зыкъызэрыхуагъэзахэмрэ.

Депутатхэм траухуащ КъБР-м и Парламентым и чэзу зэІущІэр щІышылэм и 27-м сыхьэти 10-м щІидзэу ирагъэкІуэкІыну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

■ Пшыхьхэр ■ Зэпеуэхэр

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Дифі догъэтапІэ ■ Малъхъэдис

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Іэ щІэвдзыну фыкъуэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжыну.

ЩІышылэм и 28 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ мазаем и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Мазитхум ди газетым и уасэр сом 554-рэ кІэнІейкІэ 98-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Зэпеуэхэр

2016 гъэм и екъулІэныгъэхэр

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм щыІэ Щіалэгъуалэ советым иджыблагъэ щагъэлэпІащ «2016 гъэм и екъулІэныгъэхэр» зэпеуэм щытекІуахэр.

ИЛЪЭС етІуанэ хъуауэ а Советым къзэрыгъэпэщ зэпеуэм ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыщыхэжаныкІа, нэхъыфІу зыкъзэшІэлъэгъуа, акъыл, зэфІэкІ лъагэхэр зиІэ, зыхэтым фІыкІэ къаухэщ ныбжьыщІэхэр унэтІыныгъэ 16-кІэ щагъэлъапІэ. Мы гъэм а зэхыхьэм и Іыхьэ щ.ыхэуэм зи Іэпкъ.лъапкъым сэкъат иІэ ныбжьыщІэхэри щагъэгъушхуащ.

Илъэс 15 - 35-м иту зэпеуэм хэта щІыхуи 150-м я нэхъыфІыр къыхэзыхар Іэзагъэ ин, пщІэ лъагэ зиІэ нэхъыжьыфІхэрщ.

ГуфІэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлІат КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэхэр, ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпэрытхэр, артистхэр, республикэм щыпсэухэр.

Пшыхьыр иратыжкІэ щІалэгъуалэ советым и унафэщІ Щаджмокъуэ Оксанэрэ а зэгухьэныгъэм хэт, «Къабардей-Балъкъэр» ГТРК-м и лэжьакІуэ Берд Хьэмидрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ зэпеуэм хэта псори щІыхь тхылъ зэрагъэпэжар. НэхъыфІу къалъытахэм тыгъэрэ сауГъат лъапІэхэрэм ираташ.

Спортым къыщигъэлъэгъуа зэфІэкІ лъагэхэм папщІэ Олимп чемпион **Мудрэн Беслъэн** сауГъат щхьэжьэкІэ ягъэпэжащ. КъэпщытакІуэ гупыр зэдзэрэзыуэ «Илъэсым и щІыхь» щІэр Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа XXXI Олимп джэгухэм дыжьын медалыр къыщызыхьа **Джэду Іэниуар** фІащащ. КЪБР-м и кинематографием зегъэужьыным и гуащІэ зэрыхихлъхьэм, а Іэнатіэм Іэзагъэ ин къызэрыщигъэлъэгъуам папщІэ режиссёр, узэрэджыкІуэ **Хъыжьроквуэ Сультіан** ягъэлъэпІащ.

Щэнхабзэ Іыхьэм нэхъыфІу къыщалъытащ КЪБР-м и щІыхь зиІэ артист **Къэбардокъуэ Мурат**, медицинэм - **Къунижь Хьэжсет**, кинематографием - **Выбловэ Ольгэ**, лэжьакІуэ Іэнатіэхэм - **Мэкъуауэ Хъызыр**, щІэныгъэм - **Къанкъул Линэ**, егъэджэныгъэм - **Абдуллаевэ Мадинэ**, мэкъумэш Іэнатіэм - **Къул Артур**.

Илъэс 15 - 35-м иту зэпеуэм хэта щІыхуи 150-м я нэхъыфІыр къыхэзыхар Іэзагъэ ин, пщІэ лъагэ зиІэ нэхъыжьыфІхэрщ.

ГуфІэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлІат КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэхэр, ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпэрытхэр, артистхэр, республикэм щыпсэухэр.

Пшыхьыр ирагъэкІуэкІащ ЩІалэгъуалэ советым и унафэщІ Щаджмокъуэ Оксанэрэ а зэгухьэныгъэм хэт, «Къабардей-Балъкъэр» ГТРК-м и лэжьакІуэ Берд Хьэмидрэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ зэпеуэм хэта псори щІыхь тхылъ зэрагъэпэжар. НэхъыфІу къалъытахэм тыгъэрэ сауГъат лъапІэхэрэм ираташ.

Спортым къыщигъэлъэгъуа зэфІэкІ лъагэхэм папщІэ Олимп чемпион **Мудрэн Беслъэн** сауГъат щхьэжьэкІэ ягъэпэжащ. КъэпщытакІуэ гупыр зэдзэрэзыуэ «Илъэсым и щІыхь» щІэр Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа XXXI Олимп джэгухэм дыжьын медалыр

Нэхъ акъылыфІэр. Нэхъ гуакІуэр

Хабзэ хъуауэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым гъэ хъэс ирегъэкІуэкІ «Илъэсым и студент» жиІэу зэпеуэ. А щІэ лъапІэм мы гъэм щІэбэнащ нэрыбгитху: Дым Маринэ (экономикэмкІэ институт), Уянаевэ Маринэ (управленэмкІэ институт), Езауэ Софьят (агрономиемкІэ факультет), Толгуровэ Зулейхэ (биотехнологиемрэ ветеринариемкІэ факультет), Подлиновэ Анастасие (механизацэмкІэ факультет).

КЪЭПЩЫТАКІУЭХЭУ кърагъэблэгъат КЪБКЪМУ-м и ректор **Апажэ Аслъэн**, КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и пашэ **Азычэ Светланэ**, КЪБКЪМУ-м и ветеранхэм я советым и унафэщІ **Пащ Анатолэ** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Зэпеуэм хэтын инэ къыхэуу, пщащэхэр езыхэр щеджэ факультетхэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм щытекІуати, Іэдэбу утыкум итт, я гупсысэхэр нэсу къалъатэрт, зэхэщІыкІыгъуэу, гъэхуауэ псалъэрт, дахэу зыкъагъэлъагъэрт. Іыхьищу гуэшауэ щыта а зэхьэхьэм пщащэхэм езыхэм я гъащІэм теухуауэ хъыбар кІэщІ щыжаІащ, творческэ лэжьыгъэхэр щагъэзэщІащ. «Унэ лэжьыгъэ» Іыхьэм КЪБКЪМУ-р илъес 35-рэ зэрырикъум хуэгъэзауэ нэхъ пасэу ягъэхьэзыра теплъэгъуэхэр утыку кьыщрахьащ. Апхуэдэуи абыхэм предмет зэхуэмыдэхэм кьыхаха, я Іэщ.агъэм, гъащІэм епха упщІэхэр иратурэ къэпщытакІуэхэм наІуэ къащІащ ахэр дахэу кьызэрыфэм, узэрэд зэрыжаІэм, усэ кьызэреджэм нэмыщІ, пщащэхэр зэрыгубзагъэ дыдэхэр, зыхуеджэ Іэщ.іагъэм зэрыдихьэхыр.

Зэхьэзэхуэм Іэмал имыІэу зыгуэр щытекІуэн хуейти, и пащхьэ ита къалэн псори нэсу, дахэу, зэгъэкІуауэ зэригъэзэщІам папщІэ къэпщытакІуэ гупым «2016 гъэм и студент» щІэр Толгуровэ Зулейхэ фІащащ. «Теплъэгъуэ нэхъыфІ» унэтІыныгъэм щытекІуащ Езауэ Софьят. «Творческэ лэжьыгъэ нэхъыфІ» Іыхьэм бжьыпэр щепт хъуну къалъытащ Подлиновэ Анастасие, унэ лэжьыгъэр нэхъыфІу игъэзэщІауэ я ябжащ Дым Маринэ. Абыхэм щІыхь тхылъхэмрэ тыгъэхэмрэ ираташ. ХьэщІэхэр щІыхьуахьэм я псалъэхэм кьыхагъэщащ дэтхэнэ зы пщащэми уи нэм кьыщыІыфІэнэн, уи псэм щІыдыхьэн зэрыхэлъыр, утыку итыкІи, зыІыгъыкІэ дахи зэрыІэр, адэкІи екъулІэныгъэ яІэу, дэнэкІэ ямыгъаззми пашэ щІыхьуу псэуну.

Пшыхьыр узэрэдзэмкІэ къафэхэмкІэ игъэдзэкащ Бозий Миланэ, КІарэ Каринэ сымэ, УправленэмкІэ институтым и къафакІуэ гупым.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

ЩІэпхъаджагъэм хощІ

Къэрал кІэуцІ Іэхуэхэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм щекІуэкІа зэІуцІэр теухуат транспорт ядыгъуныр, ирахужьныр къэмыгъэхъуным, щІыхум, унагъуэм хъунщІакІуэ теуэным епха щІэпхъаджагъэхэр къыщІэгъэщІыным екъэлІауэ я лэжьыгъэм кърикІуахэм.

МАЗЭ 11-м я лэжьыгъэм кърикІуахэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ КЪБР-м щыІэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъэныгъэмкІэ и Іэхуэщ.іапІэм (УУР) и унафэщІым и къуэдзэ, полицэм и майор **Лавринович Рашид**.

- Республикэм хъунщІэным теухуауэ я кьыщыхъуа щІэпхъаджагъэр 2016 гъэм процент 18,4-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуауэ. Налшык къалэм, Аруан, Лэскэн районхэм щыпсэу, зэщІэгъэуІуа щІэпхъаджащІэ гупым хэтхэу 12 ныбьдащ. 2014 гъэм щыщІэдзауэ абыхэм Іэщи къагъэсэбэпу республикэм щалэжьащ хъунщІэным епха Іуэхуибл, - жиІащ полицэм и майор.

Апхуэдэуи Лавринович Рашид къытеувыІащ жэпуэгъу мазэм сыхьэти 3-м кърибыдэу тхуэнейрэ хъунщІа щІалэщІэм. БзаджащІэм Вольнэ Аул, Искож, Александровкэ дэт тыкуэнхэм сом мин 35-рэ щызыІэригъэхьащ.

КЪБР-м щыІэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъэныгъэмкІэ и Іэхуэщ.іапІэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэхуэхэмкіэ и оперуполномоченнэ **Шыгъуэ Наурбэч** тепсэлъыхьащ транспорт ядыгъуныр, ирахужьныр къэмыгъэхъуным, апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр сэтей къэщІыным теухуауэ зэфІагъэкІам. Абы кьыхэзрихиГъэщащи, республикэм транспорт дыгъуным пыщІа щІэпхъаджагъэу щалэжьыр процент 54,2-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ.

- Транспорт дыгъуным теухуа уголовнэ Іэху 56-м щыщу 22-р, дыгъуэным екъэлІа Іэху 47-м щыщу 20-р сэтей къащІащ. Следственнэ Іэхуэщ.іапІэхэмрэ дознанием кІэ Іэнатіэхэмрэ автомашинэ ехужьэн щІэпхъаджагъэхэм теухуауэ уголовнэ Іэху 48-м щыхэплъати, 20-р кьыщІагъэщащ,- жиІащ Шыгъушхым.

Щ.іэпхъаджагъэхэр сэтей къэщІыныкІэ зыІуу гугъуехьэм ящыщу Шыгъушх Наурбэч къигъэлъэгъуащ автомашинэ нэхъыбэу зыдыгъур гъунэгъу республикэхэм щыщ щІэпхъаджащІэ гупхэр зэрыарар. Ирахужьа автомашинэхэм я нэхъыбэр Ингуш, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Дагъыстэн республикэхэм нагъэс.

КЪБР-м щыІэ МВД-м и УУР-м а щІыналъэхэм щІыщ щІыхь 12 зыхьыхэ гупищ яубыдащ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ.

Автомашинэхэр щрахужьэ ямыхъумэ гъэувыІэхэм, къат куэду зэтет унэхэм я пщІанТІэхэм, сату, нэгуэгъэужьыпІэ Іуэхущ.іапІэхэм я бжьыгъэхэм. Бжьыгъэхэм кьыхэзрагъэльэгъуэщи, гаражхэм щІахур мащІэщ. Нэхъапэхэми хуэдэу, бзаджащІэхэм нэ ираш «Лада-Гранта», «Лада-Приора», ВАЗ-2114, ВАЗ-2110, «Тойота» автомашинэхэм.

ЗэІущІэм кьыхэзрыщІахъэщащи, автомашинэхэр куэдкІэ нэхъ хъума хъунущ, механическэ, электронно Іэмэпсымэхэр тебгъэувэмэ.

УАРДЭ Женя.

● Еджэныгъэ

Махуэ къэс

Езауэ Софьят ди республикэм и студенткэ нэхъыфІхэм ящыщщ. Ар Курп Ипщэ къуажэм 1996 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр фІы дыдэу къэзыуха хъыджэбзыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и агрономие факультетым хадэ гъэкІыным. КІэ иІэ къудамэм щІэтІысхьащ икІи екъулІэныгъэфІхэр зыІэригъэхьэу йоджэ. Абы папщІэ Софьят кърат КЪБР-м и Іэтащхьэм и щІэкІэ ягъэуува стипендиер. Университетым и гъащІэм жыджэру хэт студенткэр 2015 - 2016 гъэхэм агрономиемкІэ факультетым и студент зэгухьэныгъэм и унафэщІу щытащ.

«КЪЭРАЛ антрасэт курыт школхэм щегъэкІуэкІныр егъэфІэкІуэн» проектым жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ кьалэныр щигъэзащІэу 2015 гъэм Москва, 2016 гъэм Санкт-Петербург щыІащ Софьят. И пщэ кьыдалъхьа кьалэнхэр нэсу зэригъэзэщІам папщІэ абы щытхъу тхьилъхэр къратащ. Абыхэм кьыщынэмыщІауэ, ар жыджэру хэтщ конференц зэмылІэужьыгъуэхэм, «Студент гъатхэ», «Илъэсым и студент нэхъыфІ» зэпеуэхэм. «Бжьыхьэ дыщафэ» фІэщыгъэр иІэу иджыблагъэ къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм папщІи фІыщІэшхуэ кьыхуащІри щІыхь тхьилъ кьыхуагъэфэщащ. Сыт хуэдэ Іуэху зэрымыувэми, Іэдэбу, щІыкІафІэу, хабзэ дахэ, гъэсэныгъэ екІу зэрыбгъэдэлъыр игъэлъагъуэу апхуэдэщ пщащэр.

Софьят зэрыжиІэмкІэ, университетым куэдым хуиущ.ищ, Іуэхугъуэ кьиинхэм кьыпекІуэкІыфу, гъащІэм уэзрыхэпсэукІыи, щІыхуэм уаззрыдэгъуэгурыкІуэн Іэмалхэр кьригъэщІащ. Кьыхихауэ зыхуеджэ Іэщ.іагъэмкІэ зы махуи хущІегъуэжакъым хъыджэбзыр.

- Езы унэтІыныгъэр зэрыгъэщІэгъуэным, уэзрыдихьэхым и мызакъуэу, егъэджакІуэхэм уэзыІэпашэу апхуэдэщ. Дэтхэнэри кьыбдэІэпыкъуну, зыкъыпщІигъэкъуэну хьэзырщ, студентыр зэхащІыкІ. Махуэ къэс щІэ гуэр кьыхэзрытщІам шэч хэлъкъым, ауэ апхуэдэ дыдэуи дыдэзыхьэхьэн гъэщІэгъуэнхэри дагъэлъагъу ди ущиякІуэхэм. Кьыхэтха унэтІыныгъэм нэмыщІ куэдым дытрагъэгушхуэ, дыхуагъасэ. Я бын дыдэхэм хуэдэу кьыдбгъэдэтщ. Дауэ атІэ апхуэдизу кьолІалІэ егъэджакІуэхэм я дерсхэм уэзрыщІэмысынур, умыихэзыру я пащхьэ уэзритІысхьэнур? Араущи, дыхуэпІащІэу еджапІэм докІуэ, - жеІэ абы.

Еджэным тригъэкІуадэ зэманым кьыдигъахуэурэ КЪБКЪМУ-м и «Синд» гупми хэту кьофэ Софьят.

Пщащэм дызыкьэкІуэ илъэсыщІэм насыпыщІэ кьыхудэкІуэну, мураду иІэр кьехъуІэну ди гуапэщ.

ИСЛЪАМ Нащхъуэ.

Дыщэри дыжьынри къахь

● Спорт

Краснодар щекІуэкІащ къарукІэ щызэпеуэ спорт лІэужьыгъуэхэм я Урысей чемпионат.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым икІа спортсменхэм фІым я фІыжь зыкъагъэлъэгъуауэ щылъу штангэр къэІэтыныкІэ, мас-реслингымкІэ, Іэпщэрыбанэмкіэ икІи абыхэм дыщэ медалу 7 (Бэрбэч Хъусен, Джэрыджэ Анзор, Куруглиев Арсен, Медалы Беслъэн, Ширяев Кирилл, Къуэщ.ІысокъуэЕлдар, Тубай Имран) кьыхуагъэфэщащ. Дыжьын медалыр Танокъуэ Салимэ, жэзыр Иванченкэ Александр сымэ кьахьащ.

Мы зэхьэзэхуэм икІэ иту Урысейм спортымкІэ и мастер хъуахэщ Тубай Имранрэ Бэрбэч Хъусенрэ.

Чемпионатым хэтахэр игъахьэзыращ ДЮСШ №4-м и тренер-егъэджакІуэ Гъубж БетІал.

Зэпеуэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ Урысейм и щІыналъэ куэдым кьикІа спортсмен ныбжьыщІэ 200-м.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щэнхабзэ

Пшыхь гукъинэж

Шэджэм районым хыхьэ Лашынкъей къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм иджыблагъэ пшыхь гукъинэж щекІуэкІащ. Ар къыщэрагъэпэщащ Іуэхущ.іапІэм и режиссёрхэу Мэлай Борисрэ Бейтыгъуэн Жамболэтрэ.

ПШЫХЬЫР Іыхьитіу гуэшауэ щытащ. Япэм щагъэлъэгъуащ Іутіыж Борис и «Гушыіэ махуэ апщий» пьесэм кьыгращІыкІа спектаклыр. «Гушыіэр Тхъэм и щІасэщ», жыхуиІэращи, кърихьэлІахэм лэжьыгъэр хуабжу ягу дыхьащ. Абы щыджэгуащ Нэгъуейхэ Замир, Миланэ, Замирэ, Кьущхьэ Алинэ, КІэбышэ Астемыр сымэ.

Етіуанэ Іыхьэр концертым хухахащ. Абы хэтащ уэрэджыкІакІуэ ныбжьыщІэхэу Дыщэкі Азрэт, Хьэгъэжей Аслъэн, Къэрмокъуэ Тимур, Къуэдзокъуэ Таирэ, Къуэныкъуей Динарэ сымэ.

Зэхьэхьэм ирагъэблагъащ УФ-м и Суэрэтыщ.іхэм я зэгухьэныгъэм хэт художник Іэзэ Жылэ Анатолэ, Шэджэм район администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм и лэжьакІуэ Мамрэш Аслъэн, Музыкэ къэрал театрым и режиссёр Дэбагъуэ Роман сымэ, нэгъуэщІхэри.

Жылэ Анатолэ фІыщІэ яхуищІащ пшыхь гукъинэжыр кьыззэгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ икІи и гуапэу кьыхигъащІащ апхуэдэ зэхьэхьэхэр кьуажэдэсхэм я дежкІэ зэрыщхьэпэр, мыхьэнэшхуэ зэраІэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Мы махуэхэм

ЩІыШылэм и 14, *щэбэт*

♦МахуэгъэпсэлъыкъкІэ (Юлиан зэхилъхьамкІэ) Илъэсыщ.іэм и ялэ махуэщ

♦1700 гъэм Пётр Езанэм унафэ ищІащ европэ къэралхэм щыпсэухэм я щыгъынхэм хуэдэхэмкІэ Урысейм и пщы псоми захуэнэн хуейуэ.

♦1814 гъэм Санкт-Петербург къыщызэІуахащ Императорым и библиотекэр. Абы екІуалІэ хъунут апхуэдэ гупыж зыщІ дэтхэнэри.

♦1921 гъэм Налшык къыщызэІуахащ къэрал библиотекэ.

♦1929 гъэм Москва областыр кьызэрагъэпэщащ.

♦1980 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зи мычэзу сессием щытепсэлъыхьащ советыдзэхэр Афганистаным зэрырашам икІи СССР-м ича лъэбакъуэмкІэ зэрымыарэзыр жаІащ.

♦Адыгэпщ, Урысейм и къэрал лэжьакІуэ, дзэ къулыкъущІэ **Черкасский Дмитрий (Къанщауэ)** къызэралъхурэ илъэс 437-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакІуэ **Щакіуэ Талъостэн** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, Сталиным и цІэкІэ щыІа саугъэтыр зрата **Рыбаков Анатолий** (и унэцІэ дыдэр **Наумовщ**) къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шэвлокъуэ Валентин** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, уэрэджыІакІуэ **Уэтэр Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист, Олимп джэгухэм тІэунейрэ (1972, 1976 гъэхэм) щытекІуа, дуней псоми Европэми мызэ-мытІэу я чемпион щыта **Харламов Валерий** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министр **Емуз Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Самохинэ Аннэ** къызэралъхурэ илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

ЩІыШылэм и 15, *тхьэмахуэ*

♦Википедием - ИнтернеткІэ къаГъэсэбэп щІэнгъуэзэм - лэжьэн щыщІидза махуэщ (2001 гъэм)

♦1897 гъэм Урысейм дыщэ ахъшэм щызекІуэу щІидзащ. Сомыр дуней псом валютэ нэхъ лъэщ дыдэ щыхъуат.

♦1934 гъэм Шэшэн-Ингуш автономнэ областыр къызэрагъэпэщащ.

♦1943 гъэм Пентагоныр - США-м зыхъумэжныгъэмкІэ и министерствэм и унэр - ухуэн яухащ.

♦1955 гъэм Китайм и Іэтащхьэхэм унафэ къащтащ езыхэм я ядернэ Іэщэ щІыныим теухуауэ.

♦1992 гъэм Хорватиер къэрал щхьэхуэу къыщалъыта махуэщ

♦2006 гъэм Чилим щыяпэу я къэралым и президенту щІыхубз хахауэ щытащ. Ар Бачелет Мишелщ. 2014 гъэм и гъатхэпэм и 11-м ар етІуа- нэу а къулыкъум хахьжауэ мэлажьэ.

♦2011 гъэм Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетыр къызэрагъэпэщащ.

♦Франджы драматург-комедиограф, актёр **Мольер Жан** къызэралъхурэ илъэс 395-рэ ирокъу.

♦Урысей дипломат, драматург, усакІуэ **Грибоедов Александр** къызэралъхурэ илъэс 222-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, композитор, Іуэрыіуатэдж **Кубэ Шэбан** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, тхакІуэ, здзэкІакІуэ, критик **Мандельштам Осип** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыуей дивизэм и комиссару щыта, Лениным и цІэр зезыхъэ, Багъуэ Пльыжь орденхэр зыхуагъэфэща **Хьэтыкъуей Іэбубэчыр** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **Ахъуэхъу Аслъэнбий** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Псыщ.іагъэрыкІуэ кхъухьым и унафэщІу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Маринеско Александр** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта **Весник Евгений** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦США-м щІыху зэхэгъэж щымыгъэІэным и бэнакІуэ лъэщу, ди фэр фІыщІэхэм я къыщхьэщыжакІуэу щыта, Нобель и саугъэтым и лауреат **Кинг Мартин Лютер** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ Іэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артисткэ **Бырмамыт Гуащ.ъкъарэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КъШР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ, Іуэрыіуатэдж, жылагъуэ лэжьакІуэ **Шэрджэс Алий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корректор **Щ.оджэн Иннэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

ЩІыШылэм и 16, *блыщхьэ*

♦Ливерпуль къалэм (Инджылыз) щыщ «Битлз» гуп цІэрыІуэм и махуэщ

♦1922 гъэм Балъкъэрыр Горскэ АССР-м къыхэкІащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр РСФСР-м хэту къэхъуащ.

♦1963 гъэм Совет Союзым и Унафэщ.І Хрущёв Никитэ дуней псом хэІущ.ІыІу щиІащ СССР-м водороднэ бомбэ зэриІэр. Абы метагоннищэ и пльэщагът.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КЪБР-м, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Урысей Академием и член-корреспондент **Тембот Аслъэнбий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Актёр, Ленин и саугъэтыр зрата, СССР-м и цІыхубэ артист **Лановой Василий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, АР-м и цІыхубэ артист **ЛІыцІэрыІуэ Ким** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыіакіуэ **Къашыргъэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 5 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хьэщ.іэ щ.іалэ щ.ыІэкъым.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ.іэкІэ Зэщ.іэуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм гуауэ кьыщыхъуауэ хьыбар фегъащІэ Хэку зауэшхуэм хэта **Бетрожь Елизаветэ Хьжысмел и пхъур** зэрыІамкІэ икІи ар дунейм ехьжам и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Егъэджакіуэ, усакіуэ, уэрэдыс Джэдгъэф Хъусен Зырамыку и къуэр илъэс 85-рэ ирокъу

Псэкіэ къулей

Щіыхупсэм нэхъ къулей щымыіэу жаіэми, Джэдгъэф Хъусен и деж хуэдэу ар нэрылъагъу щыхъу гъэтыгъуейщ. Ар уэрэдусщ икіи усакіуэщ, драматургщ икіи егъэджакіуэщ, сценаристщ икіи режиссёрщ, гъукіэщ, ухуакіуэщ, бзакіуэщ, дакіуэщ, мэкъумэшыщіэщ - зи зэфэкіым, акъылым куэд къызэщіипубыдэ щіыхь щэджащэщ. Апхуэдэ псэ къулеигъэм, дауи, и щіэдзапіэщ Хъусен щапіа унагъуэр, къыщыхъуа щыпіэ дахэр.

ДЖЭДГЪЭФ Хъусен Зырамыку и къуэр Бахъсэн куейм хыхьэ Хъэзбрун Езанэм (Хъэтіохъущыкъуей) 1932 гъэм и щіышылэ мазэм къыщалъхуащ. Щіалэ щіыкіым зиужьынымкіэ сабэпышхуэ хъуащ нэхъыжьхэм жаіэу щысабийм зэхиха тхыдэ хъыбарыжьхэр, лъэпкъ уэрэдыжьхэр, жыіэгъуэхэр. А псори Хъусен псэкіэ «зыщіифащ» икіи и творческэ гъэгуанэм пылажьэ хуэхъуащ. Иджыри школакіуэу, ар дихьэхат адыгэ литературэмрэ лъэпкъ Іуэрыіуатэмрэ. А лъэхъэнэм абы мурад ищіащ егъэджакіуэ Іэщіагъэр зригъэгъуэтыну. 1952 гъэм Хъусен екъулеіненыгъэкіэ къиухащ я къуажэм дэт курыт школыр икіи Къбэрдей пединститутым адыгэбзэмрэ литературэмкіэ и кудамэм щіэтІысхащ.

Зэреджэм хуэдэуэрэ, Хъусен щылэжьащ «Къэбэрдей пэж» газетым. А лъэхъэнэм ирихьэлІащ Джэдгъэфым и япэ уэсэкэр. Абыхэм ящыщу «Псэй» уэсэ щыкІыр куэдым ягу ирихьат. Критик Шэвлокъуэ Пётр зэриті хамкіэ, абы Джэдгъэфым щыхуэзфІэкІащ псыкІи и дахагъэр, уардагъэр, ар къыщыкІ мэзым и теплъэр екІуу, псэм зыхищІэу къыщигъэльэгъуэн. Апхуэдэу ди усакІуэхэу КІыщІокъуэ Алимрэ Кіуащ БетІалрэ псалъэ дахэ куэд хужаІауэ щытащ Хъусен и «Гуэдз хьэдэз» уэсэм. Усакіуэ ныбжьыщІэм и хъэтІ дахэм, бгъэдэлъ зэчиім гулъытэ щигъэтащ «Литературная газета»-м. А псоми Джэдгъэфыр адэкіи трагъэгушхуащ, псэ кулейм нэгъуэщІ лъэныкъуэ куэдкіи зыкъызэІуихащ.

ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэхъыжь, Джэдгъэфыр егъэджакіуэу ягъэкіуащ Зеикъуэ дэт курыт школым. Куэд дэмыкІыу игъэзэжащ къыщалъхуа и жьлэм, адыгэбзэмрэ литературэмрэ школым щиригъэжьащ. Илъэс 30-м щІигъэкІэ Джэдгъэфыр лэжьащ егъэджакіуэу. Зыпэрыт Іэнатіэм хуиІэ лъагъуныгъэм, зыхищІэжауаплыныгъэм папщІэ абы пщІэшхуэ къыхуащІырт къыдалажьэхэм и гъэсэнхэмри. Егъэджакіуэ нэхъыжьхэм я гъэсэныгъэмрэ зы Іэхушхуэу къэзыгъэтэ Іэщіагъэлі ныбжьыщІэр зэман кІэщІым къриубыдэу лэжьыгъэм хуэІэижь хъуащ. Абы и дерсхэр хьэлэмэту, купщІафІэу зэхигъэувэрт. Адыгэбзэм и хабзэхэмрэ лъэпкъ литературэм и тхыгъэзэхэмрэ сабийжэр щыгъуазэ ищІ къудей мыхъуу, Хъусен и дерсхэм увыпІэшхуэ щафэбыдырт хэкупсэ, псэкупсэ гъэсэныгъэхэм. ЩІэныгъэм къыдэкІуэу, абы и гъэсэнхэм зыхалъхьэрт адыгэ хабзэм, лъэпкъ хьэл-щэным я лъабжьэхэр. Унагъуэм итыхьэ хьэ пщІэр, нэхъыжь-нэхъыщІэм я зэхущытыкІэр, бзылъхугъэм хуэщІыпхъэ нэмысыр, сабийм ирэсымаджэмрэ яхуэгъэза гулъытэр - гъащІэм и апхуэдэ икіи нэгъуэщІ лъэныкъуэ куэдым дерсым и кІуэцІкІэ хунэсыгт егъэджакіуэ Іэкіуэтлъакіуэр. Дапщэщи абы и псалъэхэм щыхьэт техъуэ щапхъэхэри кІихьыфырт.

- ЩІэблэр гъэсэныр зы махуэ-махуитІ Іэхуэкъым - ар кІэи гъуни зымыІэ лэжьыгъэшхуэщ. Сабийм и лъым хэлъу кІалъхуу и анэбзэр. Ар фІыуэ ильагъу, пщІэ хуищІу, Іурылъу къэгъэтэджын хуейщ, - жеІэ Джэдгъэфым. - Абы и мызакъуэу, ныбжьыщІэм кІыгурыгъэІуэн хуейщ езым кІыщІэхъуэ быным тыгъэ лъапІэ ар хуищІыжьын зэрыхуейр, бзэ зимыІэр лъэпкъыу зэрыщымытыр. Аращ си ещанэ ящыщу «Псэй» зэуэзущиир.

Апхуэдэ Іэхуэ епльыкІэхэр зи лэжьыгъэм и лъабжьэ егъэджакіуэм хуэзфІэкІащ и гъэсэнхэм анэдэлъбзэр фІыуэ зригъэльагъун. Хъусен иригъаджэ сабийхэр адрейхэм къахэщырт щІэныгъэ щІэныгъэкІи, гъэсэныгъэкІи, цыхуэ хэтыкІэкІи. Абы и гъэсэнхэм увыпІэфІхэр мызэ-мытІэу къыщахьащ жыджэру зыхэт куейпсо, республикэпсо зэпеуэхэм. А ехъулІэныгъэхэм дэинырт езыри и гъэсэнхэри. ЩІэнхабзэ лъагэ, щІэныгъэ куу зыбгъдэлъ Джэдгъэфыр ныбжьыщІэхэм я егъэджакіуэ куэдей мыхъуу, я унэтІакіуэт, я ныбжьэгъу нэхъыжьфІт, анэдэлъбзэм и Іэфіагъымрэ и лъапІагъымрэ щІэблэм зыхэзыгъащІэ щІыхут.

Хъусен и гъэсэнхэм ящыщ куэдым къарыщІкІащ. хэкупсэ нэсхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, жылагъуэ лэжьакіуэ цІэрыІуэ Хьэфіыці Мухьэмэд, УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и отличник, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакіуэ Молэ Хьэцацэ, «Къэбалъкъэпромстрой» Іуэхущіапіэм и лэжьакіуэ пашэ Шэшэн МуІэед, егъэджакіуэ Іэзэ Архэст Хьэлимэт, нэгъуэщІ куэди. Абыхэм ящыгъупщэркъым я егъэджакіуэ Іэкіуэлъакіуэм, ущияжІуэ гъуэзэджэм и псалъэ Іущхэр, и дерс купщІафІэхэр.

Школым щиригъэкІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм къыдэкІуэу, Джэдгъэфым жьджэру етх балигъ, сабий усэхэр, хъыбархэр, таурыхъэхэр. Апхуэдэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса и япэ тхыльпыр Хъусен къыдигъэкІауэ щытащ 1961 гъэм. «Бжэ-Іупэ джэгу» зыфІищэ а тхыльым япэ увыпІэр къыщихьащ Сабий тхыльхэм я урысейпсо зэпеуэм. Усакіуэ нэхъыжьщІэм и дежкІэ ар екъулІэныгъэшхуэт. Куэд дэмыкІыу абы къыкІэлъыкІуащ «Адакъэпщ - зызыгъэпщ», «Къэрпурэ мышэ пщэхурэ», «Мэз псысхэр» тхыльхэм хьэлэмэтхэр. Абыхэм яфІэгъэщІэгъуэну сабийжэр йодджэ. Апхуэдэу щІыкІуэм ягу ирохь усэкіэ тха таурыхъэу «ТІинэ - Хьэжьклуринэ», «Мурат и гукъеуэр», «Къуарпыирэ ХъумпІэщІэджьмырэ», «Дадэ пелуан», нэгъуэщІхэри. Ахэри Джэдгъэфым и псалъэхэр зыщІэлъ сабий уэрэдхэу «Дыгъэу си гъащІэ», «Мамэ, уэ тІэкІу зыгъэпсэху» жьхуиІэхэри хагъэхьащ сабий садым адыгэбзэр зэрыщагъэдж программэм.

Псалъэхэри макъамэхэри езым ейуэ Джэдгъэфым итщ уэрэди 100-м щІигъ. Абыхэм яхэтщ сабийхэм яхуиусахэри, балигъхэм яхуэзхилъхьахэри, гъэсэныгъэм, лъагъунигъэм, гурыщІэ къабзэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъым триухуахэри.

Джэдгъэфым и творчествэм увыпІэ щхьэхуэ щебущ. Хэку зауэшхуэм. Езыр сабийуэ и нэгу щІэкІа и лъэхъэнэм теухуа усэхэр щызэхуэхьэсащ абы и «Къупщхьэ хужь» тхылъым.

ЗэфІиха лэжьыгъэхэм папщІэ Джэдгъэфыр мызэ-мытІэу ягъэпэжащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІэблэгъэныгъэмкІэ и министерствэм, абы и щІыпІэ нэсащ мэм къабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэмкІэ, саугъэт лъапІэхэмкІэ.

Езым и псэ къулейм хуэфащэн унагъуэ дахэкІи Тхьэшхэр къыхуэупсащ Хъусен. Абыр и щхьэгъусэ Зоерз зэгурыІуэрэ зэдэІужу илъэс 50-м щІигъуэкІэ зэдэпсэуащ. Абыхэм зэдапІащ, гъащІэм Іуз быдэкІэ хагъэуващ быниц: Руслан, Арсен, Оксанэ сымэ.

Зи ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 85-рэ ирикъуа Джэдгъэф Хъусен, цІыху зэчиифІэм, жумартым, нэхъыжьыфІым, дохъуэхъу узынщагъэ ЗыгуфІкІэ зэдэпсэуащ. Абыхэм зэдапІащ, гъащІэм Іуз быдэкІэ хагъэуващ быниц: Руслан, Арсен, Оксанэ сымэ.

Зи ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 85-рэ ирикъуа Джэдгъэф Хъусен, цІыху зэчиифІэм, жумартым, нэхъыжьыфІым, дохъуэхъу узынщагъэ ЗыгуфІкІэ зэдэпсэуащ. Абыхэм зэдапІащ, гъащІэм Іуз быдэкІэ хагъэуващ быниц: Руслан, Арсен, Оксанэ сымэ.

Джэдгъэф Хъусен

И унагъуэр и гъусэу. *2011 гъэ*

Зэныбжьэгъуэхэу Жылау Нурбий, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Джэдгъэф Хъусен сымэ. *2000 гъэ*

Зэфіэкі лъагэ

Адыгэ тхакіуэ, усакіуэ, уэзэщІакіуэ Джэдгъэф Хъусен щыгъэ ирихьэлІащ. Хьэтіохъущыкъуей къуажэм дэт курыт школым щІэдзащ. Ар ар нэрылъагъуу щыхъу гъэтыгъуейщ. Ар уэрэдусщ икіи усакіуэщ, драматургщ икіи егъэджакіуэщ, сценаристщ икіи режиссёрщ, гъукіэщ, ухуакіуэщ, бзакіуэщ, дакіуэщ, мэкъумэшыщІэщ - зи зэфэкІым, акъылым куэд къызэщІипубыдэ щІыхь щэджащэщ. Апхуэдэ псэ къулеигъэм, дауи, и щІэдзапІэщ Хъусен щапІа унагъуэр, къыщыхъуа щыпІэ дахэр.

ДЖЭДГЪЭФ Хъусен Зырамыку и къуэр Бахъсэн куейм хыхьэ Хъэзбрун Езанэм (Хъэтіохъущыкъуей) 1932 гъэм и щІышылэ мазэм къыщалъхуащ. ЩІалэ щІыкІым зиужьынымкІэ сабэпышхуэ хъуащ нэхъыжьхэм жаІэу щысабийм зэхиха тхыдэ хъыбарыжьхэр, лъэпкъ уэрэдыжьхэр, жыІэгъуэхэр. А псори Хъусен псэкІэ «зыщІифащ» икІи и творческэ гъэгуанэм пылажьэ хуэхъуащ. Иджыри школакІуэу, ар дихьэхат адыгэ литературэмрэ лъэпкъ Іуэрыіуатэмрэ. А лъэхъэнэм абы мурад ищІащ егъэджакІуэ Іэщіагъэр зригъэгъуэтыну. 1952 гъэм Хъусен екъулІэныгъэкІэ къиухащ я къуажэм дэт курыт школыр икІи Къбэрдей пединститутым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кудамэм щІэтІысхащ.

Зэреджэм хуэдэуэрэ, Хъусен щылэжьащ «Къэбэрдей пэж» газетым. А лъэхъэнэм ирихьэлІащ Джэдгъэфым и япэ уэсэкэр. Абыхэм ящыщу «Псэй» уэсэ щыкІыр куэдым ягу ирихьат. Критик Шэвлокъуэ Пётр зэриті хамкІэ, абы Джэдгъэфым щыхуэзфІэкІащ псыкІи и дахагъэр, уардагъэр, ар къыщыкІ мэзым и теплъэр екІуу, псэм зыхищІэу къыщигъэльэгъуэн. Апхуэдэу ди усакІуэхэу КІыщІокъуэ Алимрэ Кіуащ БетІалрэ псалъэ дахэ куэд хужаІауэ щытащ Хъусен и «Гуэдз хьэдэз» уэсэм. Усакіуэ ныбжьыщІэм и хъэтІ дахэм, бгъэдэлъ зэчиім гулъытэ щигъэтащ «Литературная газета»-м. А псоми Джэдгъэфыр адэкІи трагъэгушхуащ, псэ кулейм нэгъуэщІ лъэныкъуэ куэдкІи зыкъызэІуихащ.

ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэхъыжь, Джэдгъэфыр егъэджакіуэу ягъэкіуащ Зеикъуэ дэт курыт школым. Куэд дэмыкІыу игъэзэжащ къыщалъхуа и жьлэм, адыгэбзэмрэ литературэмрэ школым щиригъэжьащ. Илъэс 30-м щІигъэкІэ Джэдгъэфыр лэжьащ егъэджакіуэу. Зыпэрыт Іэнатіэм хуиІэ лъагъунигъэм, зыхищІэжауаплыныгъэм папщІэ абы пщІэшхуэ къыхуащІырт къыдалажьэхэм и гъэсэнхэмри. Егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ зы Іэхушхуэу къэзыгъэтэ Іэщіагъэлі ныбжьыщІэр зэман кІэщІым къриубыдэу лэжьыгъэм хуэІэижь хъуащ. Абы и дерсхэр хьэлэмэту, купщІафІэу зэхигъэувэрт. Адыгэбзэм и хабзэхэмрэ лъэпкъ литературэм и тхыгъэзэхэмрэ сабийжэр яхуэгъэза гулъытэр - гъащІэм и апхуэдэ икІи нэгъуэщІ лъэныкъуэ куэдым дерсым и кІуэцІкІэ хунэсыгт егъэджакіуэ Іэкіуэтлъакіуэр.

- ЩІэблэр гъэсэныр зы махуэ-махуитІ Іэхуэкъым - ар кІэи гъуни зымыІэ лэжьыгъэшхуэщ. Сабийм и лъым хэлъу кІалъхуу и анэбзэр. Ар фІыуэ ильагъу, пщІэ хуищІу, Іурылъу къэгъэтэджын хуейщ, - жеІэ Джэдгъэфым. - Абы и мызакъуэу, ныбжьыщІэм кІыгурыгъэІуэн хуейщ езым кІыщІэхъуэ быным тыгъэ лъапІэ ар хуищІыжьын зэрыхуейр, бзэ зимыІэр лъэпкъыу зэрыщымытыр. Аращ си ещанэ ящыщу «Псэй» зэуэзущиир.

Апхуэдэ Іэхуэ епльыкІэхэр зи лэжьыгъэм и лъабжьэ егъэджакіуэм хуэзфІэкІащ и гъэсэнхэм анэдэлъбзэр фІыуэ зригъэльагъун. Хъусен иригъаджэ сабийхэр адрейхэм къахэщырт щІэныгъэ щІэныгъэкІи, гъэсэныгъэкІи, цыхуэ хэтыкІэкІи. Абы и гъэсэнхэм увыпІэфІхэр мызэ-мытІэу къыщахьащ жыджэру зыхэт куейпсо, республикэпсо зэпеуэхэм. А ехъулІэныгъэхэм дэинырт езыри и гъэсэнхэри. ЩІэнхабзэ лъагэ, щІэныгъэ куу зыбгъдэлъ Джэдгъэфыр ныбжьыщІэхэм я егъэджакіуэ куэдей мыхъуу, я унэтІакіуэт, я ныбжьэгъу нэхъыжьфІт, анэдэлъбзэм и Іэфіагъымрэ и лъапІагъымрэ щІэблэм зыхэзыгъащІэ щІыхут.

Хъусен и гъэсэнхэм ящыщ куэдым къарыщІкІащ. хэкупсэ нэсхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, жылагъуэ лэжьакіуэ цІэрыІуэ Хьэфіыці Мухьэмэд, УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и отличник, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакіуэ Молэ Хьэцацэ, «Къэбалъкъэпромстрой» Іуэхущіапіэм и лэжьакіуэ пашэ Шэшэн МуІэед, егъэджакіуэ Іэзэ Архэст Хьэлимэт, нэгъуэщІ куэди. Абыхэм ящыгъупщэркъым я егъэджакіуэ Іэкіуэлъакіуэм, ущияжІуэ гъуэзэджэм и псалъэ Іущхэр, и дерс купщІафІэхэр.

Школым щиригъэкІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм къыдэкІуэу, Джэдгъэфым жьджэру етх балигъ, сабий усэхэр, хъыбархэр, таурыхъэхэр. Апхуэдэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса и япэ тхыльпыр Хъусен къыдигъэкІауэ щытащ 1961 гъэм. «Бжэ-Іупэ джэгу» зыфІищэ а тхыльым япэ увыпІэр къыщихьащ Сабий тхыльхэм я урысейпсо зэпеуэм. Усакіуэ нэхъыжьщІэм и дежкІэ ар екъулІэныгъэшхуэт. Куэд дэмыкІыу абы къыкІэлъыкІуащ «Адакъэпщ - зызыгъэпщ», «Къэрпурэ мышэ пщэхурэ», «Мэз псысхэр» тхыльхэм хьэлэмэтхэр. Абыхэм яфІэгъэщІэгъуэну сабийжэр йодджэ. Апхуэдэу щІыкІуэм ягу ирохь усэкіэ тха таурыхъэу «ТІинэ - Хьэжьклуринэ», «Мурат и гукъеуэр», «Къуарпыирэ Хъумпіэщіэджьмырэ», «Дадэ пелуан», нэгъуэщІхэри. Ахэри Джэдгъэфым и псалъэхэр зыщІэлъ сабий уэрэдхэу «Дыгъэу си гъащІэ», «Мамэ, уэ тІэкІу зыгъэпсэху» жьхуиІэхэри хагъэхьащ сабий садым адыгэбзэр зэрыщагъэдж программэм.

Псалъэхэри макъамэхэри езым ейуэ Джэдгъэфым итщ уэрэди 100-м щІигъ. Абыхэм яхэтщ сабийхэм яхуиусахэри, балигъхэм яхуэзхилъхьахэри, гъэсэныгъэм, лъагъунигъэм, гурыщІэ къабзэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъым триухуахэри.

Джэдгъэфым и творчествэм увыпІэ щхьэхуэ щебущ. Хэку зауэшхуэм. Езыр сабийуэ и нэгу щІэкІа и лъэхъэнэм теухуа усэхэр щызэхуэхьэсащ абы и «Къупщхьэ хужь» тхылъым.

ЗэфІиха лэжьыгъэхэм папщІэ Джэдгъэфыр мызэ-мытІэу ягъэпэжащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІэблэгъэныгъэмкІэ и министерствэм, абы и щІыпІэ нэсащ мэм къабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэмкІэ, саугъэт лъапІэхэмкІэ.

Езым и псэ къулейм хуэфащэн унагъуэ дахэкІи Тхьэшхэр къыхуэупсащ Хъусен. Абыр и щхьэгъусэ Зоерз зэгурыІуэрэ зэдэІужу илъэс 50-м щІигъуэкІэ зэдэпсэуащ. Абыхэм зэдапІащ, гъащІэм Іуз быдэкІэ хагъэуващ быниц: Руслан, Арсен, Оксанэ сымэ.

Зи ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 85-рэ ирикъуа Джэдгъэф Хъусен, цІыху зэчиифІэм, жумартым, нэхъыжьыфІым, дохъуэхъу узынщагъэ ЗыгуфІкІэ зэдэпсэуащ. Абыхэм зэдапІащ, гъащІэм Іуз быдэкІэ хагъэуващ быниц: Руслан, Арсен, Оксанэ сымэ.

Джэдгъэф Хъусен и тхыгъэхэр

Хьэтіохъущыкъуейуэ жылэ щэджащэ

Псалъэхэри макъамэри Джэдгъэф Хъусен ейщ

Хьэтіохъущыкъуэпщыр улы
губзыгъэти, уей!
Жэнэт щыналъэр тІысыпІэ тхуощІри, уей!
Къазбэрынэбгыр уи щхьэгъэрытщи,
Бахъсэныпс уэрыр уи пшынэ
макъкъэ?!
Махуэгъэпсыщхьэ уи шыбэ хъупІэщ,
Ахэм я лъапэр уи гъавэ кузщІкъэ,
Уи гъавэ куэщІкъэ, уей!

Ежьу: **Уей, рай-да-уей! Уей, уей,**
рай-да-уей!
Мэлъалъэ си пшынэр, щІэфІэтэт
фи Іэгум, уей!
Нэхъыжьи къыдэфши, нэхъыщІи
къэвгъафэт, уей!
ЩІалэм я бжьыфІэри пщащэм я
дахэри зэвгъэщІыхунхэм, уей!
Ахэр зыдэсри си къуажэ дахэу
ХьэтІохъущыкъуейкъэ,
ХьэтІохъущыкъуейкъэ, уей!
Кургъуокъуэ пщышхуэу ди нарт
лІыхъужьым, уей!
Кърым, тыркудзэр бгым
щыбдзыжакъэ, уей!
Исмел псыгъуи лІым уралІыжти,
Измаил къалэр бийм тепхыжакъэ?! -
Арысеишхуэм ар уэ тхуептыжри,
Уи цІэр дыщэпскІэ уафэм щыптхакъэ,
Уафэм щыптхакъэ, уей!

Ежьу.

Жьжьэу фыдзплъэт жылэжь
Іумахуэм, уей!
Бахъсэн ГЭС бгыщхьэр ди вагъуэ
нуркъэ, уей!
Ди зэнэзныпсу дэнэкІи щежжхэм
Бдзэжьей къуэлэнхэр щыхьэгъуэ
хэскъэ, уей!
Ди мэз щхъуантІэшхуэ уафэм
дэплъейхэм
Бзуэхр уэрэдкІэ къыщыпІэджэжжъэ,
уей!
Къыщыпіэджэжжъэ, уей!

Ежьу.

Уэрамхэу диІэм гъуджэу
уакъощри, уой!
Машинэ псынщІэр
ныщызэбложри, уой!
Унэ зэтетхэу дэнкІи щащІахэм
ХьэгъуэлІыгъуэшхуэхэр
щІэх-щІэхыу щащІри.
ЛІыжь жьакІэ уэсэхэу
жьантІэм къыдэсхэм,
Ди фо махъсымэхэр щызэІэпахри,
ЩызэІэпахри, уей!

Ежьу.

Зей

Фымыщіыхум зейр,
Сэ фэзгъэщІыхунщ.
Ар нэхъ къызыщыкІыр
Зеикъуэ къуажэ дейщ.
Дыщэ тхъэгъу зырызэр
Жыгым ар пыблащ.
Дэп жьэражьэу плъыжьуи
Ахэр зэщІэблащ.
Фыхуейм асыхьэтым
Ар къыпыфчи фшхы,
Е, тІэкІу щыягъэлъэпынум,
Уиэм хущхъуэу фхы.
Ныбэ зэщІэр зиІэр
Занщіэу егъэхъуж,
Техьэгъуэ зытехьэм
Ари трехуж.
Уеблэмэ и тхъэмпэм
Шей къыщІагъэвыкІ.
Хъуауэ фыхуэзамэ,
Іэфіщи - фыблэмыкІ.

Хъумбылей

Зэрыжаіэу, хъумбылейр
Жыг джжейуэ дахэкІейщ.
И мышхумпІэу хуэщІхэтопыр,
Дэшхуэм ещхьу, хуэхъурейщ.
Мэхъу бжьыхьэпэм хуэданагъуэ,
ЩІакъуэр егъэтэджыр дэгъуэу.
И хущхъуэгъуэщ езыр Іэджэм,
Жейр пщхьэщыкІым - уегъэхъуж,
Щхьэщыр икІым - ипс щІэгъэж.
Ар нэхъыбэу кІыщыщкІыр
Нэхъ лъагапІэрщ, нэхъ дыгъэпсырщ,
Уи бжэІупэм щыхэпсэнуи
Икъуэкіэ сэ изогъэкІупс.

Мамкъут

Сытым хуэдэ а мамкъутыр?
НыжжесІэнщ и Іуэху зыІутыр.
Ар мэракІуэм и лъэпкъэгъущ,
Дэп жьэражьэу плъыжьщІи - тхьэгъущ.
Ар тхуей мэзхэм нэхъ къыщокІ,
Унэ куэдми къыщагъэкІ.
Ухуэсакъыпкъуэ ныкъыпкъым,
Нэхъ шхыпъуафІи къэбгъуэтын?!
Хущхъуэу хэлъым и куэдагъыри
Жэщ хъухункІэ пхуэІуэтэн:
КІэтІий узыр егъэхъужыр,
Лъатэ узри доувІэжыр.
ЩІы, ухуеймэ, ар компот,
Мэзыр къыхэпщІыкІи торт.
Мис апхуэдэу фІыщ мамкъутыр,
Къэпхьрэ пшхымэ - арщ къыпхуэтыр.

Фафіэгын

Уафэу къащхъуэущ, ар къэгъагъэм,
ФІэфІщ хэтыну хуабэм, дыгъэм,
Ауэ щІыІэри хуошэч,
Я нэхъ узгъумкІи бэшэчщ.
Бжьэхэм фІыуэ ар ялъагъу,
Іэщми икъуэкІэ я ныбжьэгъущ,
Уеблэм кофе къыхащІыкІ.
ЩІыпІэ куэдым ар къыщокІ,
Куущ и лъабжьэр - жьжьэ пхокІ,
ЩІыр къыщІэтыгъу гъэгъуэ лъокІ.
КъыщІкІам деж гуп гуэрэщ,
И псым фафІэр егъэхъуж,
Дызэреджэр фафІэгынщ.

Псалъэ шэрыуэхэр

Утыку узэрихьэр уи лъапэщ,
УкъызэрикІыжьыр уи напэщ.

Мывэ быркъуэшыркъуэ мывэжькъалэ
хыумылъхьэ,
Псалъэр мышэрыуэмэ, утыку иумыхьэ.

Хьэщіапіэ зкІуауэ укъудамышжмэ,
тумыгъэзэж,
Уи щыкъум и хьэ къомыбэныжмэ,
пщІэ щыуимыІэж.

Лэжьапіэншэр къэрал мыгъуагъэщи,
Іэщіагъэншэр щхьэм и мыгъагъэщ.

Узижагъуэм уи Іейр къыпхеІущыкІ,
Узифым уи фІыр къыпхещыпыкІ.

Хамэщі сыщыпсэуну къыслъыс нэхъ,
Си уэнжакъ къикІ Іугъуэ сыхыус.

Зи куэбжэпэ куэншыб
БлэкІми къъІблэкІми яуб.

Зи Іэщіагъэр мащэм зыдэзыхь
Тхъэрэ пэткІэ къыщыхъукъым гурыхь.

Зым адрейм худимычыхынум,
Фыпымыхьэ нэчыхь тхыным.

ШынагъэкІэ бгъасэр къоушынэуэж,
АкъылкІэ бгъасэм тхъу къыпщехуэж.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

Лъэпкъ узэщІакІуэ

Зэчиигъэм и лъэныкъуэ куэд зыбгъэдэлъ щІыхур зыхуэздэр, абы щІэх-щІэхыуэр ухуэзэу щытми, и кІэм нэсу зэи къыпхуэзэІухынукъым. Апхуэдэ щІыхуэм ящыщу къызэлъытэ илъэс 25-рэ ипэкІэ ныбжьэгъуфІ схуэхъуа Джэдгъэф Хъусен Зырамыку и къуэр. БлэкІа ліэщІыгъуэм и 70 гъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм сыщыщылажьэм щыгъуэ, куэдрэ зэхэсхыт абы и цІэр, «Арсъэн» журналыр, радиом пщэрылъ щищІауэ егъэхьэзыр, жаІэу. Ауэ Джэдгъэфыр нэхъ гъунэгъуу къыщысцІыхуар республикэ радиом сыкъыщыкІуэжарщ.

УМЫГЪЭЩІЭГЪУЭКІэ Іэмал иІэтэкъым абы пыщІэныгъэу къытхуиІэр зыхуэдизыр: тхыдэм къыхаха, Іуэрыіуатэм и кууупІэм ныщІежьэ тхыгъэ Іэкіуэлъакіуэкэр радиом и редакцэм щыІэтхъэхьэрт. Бахъсэн ауэым щыпсэу щІыху пашэхэм ятеухуэ очерркэмрэ корреспонденцэхэмрэ щІэгъэщхъуэжауэ итхырти къыпІэригъэхьэрт. Уэрэдкэр - псалъэри маку́эмэ, ар ІэщІ ящІыгъуэ, зэпІызыгъавэ Іэщіагъэлі, гъукІэщ, шырыкъу, пыІэ ед, щІакіуэ ещІ, и щІыпм тІыщІр тету, зэфІэту, уэшх пхымыкІыу, бащІыкъэр бгырыпхри дэщІыгъуу.

Куэд щІыуэ гу зэрыпльыстащ, Хъусен иуса уэрэдкэм ящІэлъ псалъэхэри, сабий тхылъу дунейм къытриГъэхьахэри икъуэкІэ образнэу тхащ. Уэрэдым пкъы хуэхъуа и япэ уэсэ «ЖеІэ, жеІэ щІэхьу» жьхуиІэм маІ: къамэ щІилъхьащ композитор цІэрыІуэ Къардэн Хьэсэн. 1957 гъэм «Молодая гвардия» тхылъ тедзапІэм къыдигъэкІа «Къурыщпсым и макъ», а гъэ дыдэм Налтык щыградза «МакъыщІэхэр» тхылъхэм ярытт адыгэ усакіуэ нэхъыжьщІэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр. Совет усакіуэ цІэрыІуэ Тихонов Николай абы-хэм кьеджа нэужь, 1957 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ и щэнхабзэмрэ ятеухуа статьи ин къытридзауэ щытащ «Литературная газета»-м. Адрей усакіуэ ныбжьыщІэхэм яхуэГъэ Хъусен и ІэпэІ фІыкІэ зыбриІуауэ щытащ. Абы и ужькІэ Джэдгъэфым нэхъ тегушхуауэ зрипщытащ литературэм и жанр зэмылІэужьыгъуэхэм.

...Щопсэу Бахъсэн ауэым узэщІакІуэ, нэхъыжьми нэхъыщІэми пщІэ хуэхъуащІу, щІыхь мылъхьэхъуэ, езыр щІыхьым кІылъхьхъуэу, хьэщІэ къахуеблагъэм япэ пежьэр къыхуащІу. Джэдгъэф Хъусен Зырамыку и къуэр дохъуэхъу къыпІэщІа илъэсхэм къыхупищэу, быним ёмни фІыуэ хъалъагъуу, лъагъунигъэ щымыщІэу, гъащІэу иІэр ефІакІуэу ди Тхьэу Тхьэшхуэм дунеишхуэм куэдрэ тригъэтыну.

БЖЭНЫКІЭ Мухьэб,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, телевидензмрэ радиомрэ я отличник.

Абы и дерс купщІафІэхэр

Къыдэкіуэтей щІэблэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ я ригъэджэу Джэдгъэф Хъусен илъэс 30-м щІигъуэкІэ лэжьащ. Хьэтіохъущыкъуей къуажэм дэт курыт школым ліэщІыгъуэ блэкІам и 70 гъэхэм а егъэджакіуэ Іэкіуэлъакіуэм щита дерс купщІафІэхэм щІэдзІуахэм сащыщщ щэн.

ЩЫЛЭЩ щІыху и лэжьыгъэр къыщыщІидзэнури ар щиухыну дакъикъэри тхылъымпІэм итщ абы зы мэскъалкІи емыбакъуэу. Хъусен апхуэдэтэкъым. Іэмалынщэу, фІэкІыпІэ имыІэу дызыІэпашэу, хэт нэхъ жьакІуэми, бзэм нэхъ хуэІэзэми къэдгъэнэІуэну дызэхьэзэхуэу къыщізригъэпэщырт Джэдгъэфым и дэтхэнэ дерсри. Ауэ щІыхуэкІэ, абыхэм зэщхьэ, я ухуэкІэкІэ, япкърыльэ гупсысэкІэ къытрагъэзэжу зы хэмыту къытрІэщІырт, апхуэдизу ахэр дапщэщи тфІэщІэщІыгъуэти. АбыкІэ зэфІэкІыртэкъым Іуэхур. Илъэ дыдэм къыщыщІэдзауэ дэ фІыуэ я къыдгурыІуат егъэджакіуэм къытхуиГъэува къалэнхэр «ІэхъуэгъуэтегъэкІыу» дгъэзащІэмэ, укІытгъуэ дызэрихуэнур. УкІытэм «къимыгъэланджэхэм», Іэмал гуэр ягъуэту, Хъусен и шхыдэм зыпэщІагъахуэрт къыщІ.

Гушыіэ псалъэкІи еджэным гулъытэ хууиГъэщІыфырт абы. Нобэ сызэпІэкІыжьрэ сиі школ

● Лъэпкъ щхьныгъуэхэр

Къэб гъэва зыхэлъ тхъурыжь

Ар дахэ, Іэфі мэхъу, витамин А-кІэ къулейщ, шхыгъуафІэщ.

ДжэдыкІэ цІынэм фошыгъу щабэ, содэ халъхьэ, фІыуэ яудэри, абы къаб пІастэ, тхъуцІыпо гъэткІуа халъхьэ, зэІащІэ, гуэдз хьэжыгъэм и кум иракІэри, быдэ хъуху япщ. Содэр куэдыІуэмэ, тхъурыжьыр къочэри, абы хуэсакъыпхъэщ. Іэнэм хьэжыгъэ трагъэщащэри, тхьэвыр щамыгъэлъу хупхьэкІэ яху мм 1 - 1,5-рэ и Іувагъыу, хуэлІимэ щыкІэу. И бгъуагъэр см 3 - 4, и кІыхьагъыр см 120-рэ хъууэ зэпаупщІ, бэлагъым кърашэкІри, и кІапитІыр зэтрагъапщІэ, градуси 160 - 180-рэ хъууэ къэплъа тхъум е дагъэм халъхьэри, бэлагъыр ягъаэзуэрэ тхъуэплъ, гъуэжьыфэ хьуху ягъажьэ.

Вазэм иралъхьэри, Іэнэм трагъэувэ. ЩІыІэуи хуабэуи ящх.

Халъхьэхэр: гуэдз хьэжыгъэу - г 400, джэдыкІэу - 3, фошыгъуу - г 50, содэу - 1 г, къаб пІастэу - г 100, тхъуцІынэу - г 30, шыгъуу, зэрагъэжьэн тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

Хуэрэджэ купщІэ зыхэлъ хьэлыуэ

Дэ купщІэм хуэдэу, и купщІэр Іэфі хуэрэджэ щыІэщ. Ар шыуанкІэ ягъэлыгъуэ, щІагъэпщІжри, щабэ хъуху гухъыкІэ яущэб е лыхьэжьи щІагъэкІ.

ЩІхьэхуэу шыуанкІэ фо ягъавэ, Іэпэр зэкІэпригъапщІэу хъухукІэ. Абы хуэрэджэ хьэжар хакІутэ, бэлагъкІэ зэІащІэуэ, Іуф хъуху ягъавэ. Куэдрэ бгъавэмэ, хьэлыуэр пхуэмышхэу быдэ мэхъу. Хьэдэыр хъуа нэужь къытраХыж, тхъу зыщыхуа Іэнэм тралъхьэри, я Іэм тхъу щІахуэурэ, зэпэплІимэу, см 2 - 3 и Іувагъыу, яубэ. Іупщ1э цІыкІуурэ сэкІэ зэпаупщІыж.

Шейм драф, къудейуи яшх. Къэуатышхуэ зыщІэхъ ерыскъыщ, витамин куэди хэлъщ. Бжьыхьэм, щІымахуэм нэхъ ящІ хабзэщ.

Халъхьэхэр: фоуэ - г 600, хуэрэджэ купщІэу - г 500, тхъууэ - г 20.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым къитхыжащ.

Унагъуэрщ псори къыщежьэр

ЦІыхур зыгъэлъапІэр унэцІэракъым, атІэ унэцІэр зыгъэлъапІэр аз зезыхьэхэращ. Псори къыщежьэр унагъуэрщ. Щоджэн зэщхьэгъусэхэу Анатолэрэ Радимхьанрэ я унагъуэр зымыщІыху Урыху къуажэм дэсу къыщІэкІынкъым. ЗэхуэщытыкІэ дахэ, нэмыс, хабзэ щытепщэ унагъуэр жылэм я щапхъэщ.

АНАТОЛЭРЭ Радимхъанрэ зы къуажэ къыдэхъукІащ. Щоджэн Анатолэ и адэ-анэхэу Майрэ Іэзинрэ я сабиитхум халъхьа хьэл-щэн нэхъыщхьэхэм ящыщт лэжьыгъэр фІыуэ ялъагъуу, сыт хуэдэ гугъуехьми пэщІэтыфу щытынкІэ. Я сабиитъуэм я ныкъыщыІэдзауэ абыхэм языхэзми ягъэунэхуащ гугъуехьэр зищІысыр, гуащІэдзкІ хьэлэлым щапхъэщІащ езыхэм я щІэблэрэ.

Анатолэ илъэс пщыкІухым ипу Урыху курыт школыр кьиуэри пхъащІэ Іэщ1агъэр зригъэгъуэтащ. Налшык кьалэ щыІэ ухуакІуэ гупхэм языхэзым пхъащІэу зы илъэскІэ щІалажьэри и гур здеІэ и куажэжьхьм игъэзжащ. ІэнатІэ зыбжанэ зэрихъэкІащ абы икІи сыт хуэдэ лэжьыгъэри жьыджэру ирихьэкІащ. Апхуэдэу, 1958 гъэм «Урыху» совхозым хадзэкІэхэм елэжь и бригадэм яхьыха щІэлащІэм мыбдежми лэжьакІуэфІым и щапхъэу зыкъыщигъэльэгъуащ. «Бэтэх» совхозым 1963 гъэм кІуэри, илъэс зыбжанэкІэ щІылэжьаУэ, къуажэм кьигъэзэжри, абы щаухуа тыкуэным и унафэщІу яГъуэращ, илъэс куэдкІи а Іэнатім пэрытащ. ИужьыІуэкІэ щІыдагъэхэкІхэр щахъымэ базэм и унафэщІу лэжьащ. Къэлщтэмэ, псори зэхэту илъэс 49-кІэ ялъагъуэ зэрыпсэуащ, «Совет кооперацэм и отличник» дамыгъэр къратащ.

ЦІыхухэм ядэлэжьэкІэ умыщІэмэ, дэнэкІи гугъу ущехьынущ. Абы и пэжыпІэр къызыгурыІуэ щІалэр сыт хуэдэ гуп яхэмыхьами, абы тыншу яхэсыхьыр, къыдэлажьэхэм пщІэ яхуищІу, езыми апхуэдэ щытыкІэр и деж щигъэтыжу яхэтт.

Щоджэнхэ Анатолэрэ Радимхъанрэ зэрызэдэпсэуэрэ илъэс 55-м щІигъуащ. Абыхэм бынитху зэдапІащ, Іэщ1агъэ ирагъэгъэтащ, дэтхэнэри унагъуэ хьужауэ зэхуэу мэпсэуэхэр. ЦІыхур сыт хуэдэ ныбжьым итми, абы далъагъу хьэл-щэнхэр (ахэр гурыхьми нэхъыкІэми) зи фІыщІэу е зи яГъэу ялъытэр адэ-анэращ. Толэрэ Радимхъанрэ я унагъуэм сытым дежи зэгурыІуэ илъу, хабзэшхэу щызэкІуэу щытщ. Гъэсэныгъэ дахэу я бынхэм халъхьар, шэч хэмылъу, ядэплъагъунущ я къуэрылъхъэ-пхъурылъхуэмрэ абыхэм ящхьтехьукІыбжьмрэ.

Адыгэхэм хабзэфІу къадекІуэкІхэм ящыщщ жьы хъуа адэ-анэр бынхэм гупыытэншэу къызэрамыгъанэр. Апхуэдэу жэуаплныгъэшхэу яхэлъу бын къалэныр яГъэзэщІащ Толэрэ Радимхъанрэ. Бын нэхъыжьхэр зэкІэщІэкІыу лъапсэжьым къина зэщхьэгъусэхэм адэ-анэм ятеухуауэ цІыхум бгъэдэлъ хьэкъыр нэсу яГъэзэщІащ. Унагъащэ гумызагъэу, анэ гумащІэу, нысэ Іущабзэр апхуэдэт Радимхъан. Гуащэ-тхъэмадэм яГу дыхьэрт, абыхэм я жьы хьуГъуэм гупльитэ нэхъыбэ зэрыхуэныкъуэр кьыгурыІуэу ябгъэдэтт. Радимхъан кьыгурыІуэрт гуащэ-тхьэмадэм пщІэ яхуищІмэ, хабзэ якІэльыззэрихьэмэ, гъунэгъуэкъажэгъуэри апхуэдэу кьаззрихущытынур. Щоджэнхэ я лъапсэжьым иджыхэми ИокІуэлІэж абы къыдэхъуКІа бынхэмрэ абыхэм къатехъуКІыжаХэмрэ. Я ныбжькІэ мыщІалэжьми, Анатолэрэ Радимхъанрэ нобэми жьыджэрщ; кІэкІуэжкэр гуапэу ирагъэблагъэж, Іэнэ берычэтыр кьызэтрагъэувэ.

Иужьрей зэманым яухуэ унагъуэхэр быдэ щІэмыхъум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ зрихьэлІэ гугъуехьэм, лъэпощхьэпохэм зэщхьэгъусэхэр зэгъуэсэу зэрыпэщІэмыувэр, фІэлІыкІ жьыхуІэр я зэхуаку зэрыщІэмыльыр. Щоджэнхэ Анатолэрэ Радимхъанрэ я унагъуэм щыщІэныгъи гугъуехь куэди я гъащІэ гъэгъуи щалъэгъуауэ, ауэ зэщхьэгъусэхэм я гъащІэм ящІэрыр абыхэм нэхъри имыгъэбыдамэ, нэхъ махэ хьуакъым. Зыр адрейм щІэгъэкъуэн хуэхъуу сыт хуэдэ гугъуехьми пэщІэтащ ахэр. Апхуэдэ зэхущытыкІэхэм щІапІыкІа бынхэми унагъуэ быдэ яхуауэу насыпыфІэу зэрыщІэкъуэр.

Щоджэн Анатолэ и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 80 ирокъу. А махуэшхэр даГъэльапІэнущ, хьуэхьу дахэхэр хуаІэтыныущ абы къыдалъхуахэм, и бынхэм. Дэри ди гуапэу дохъуэхъу Анатолэ щІэблэм я дахэрэ я Іэфірэ хэмыкІыу и унагъуэм куэдрэ ящхьащІыну.

КЪЭРЭНАШЭ Мадинэ.

Бахъсэн къалэм щыпсэу ди адэ-анэхэу Кумыщхэ Къадиррэ Ленэрэ зэрызэдэпсэуэрэ илъэс 30 ирокъури, дохъуэхъу

Пщ1э зыхуэтщІ ди нэхъыжьыфІхэ!

ЗэгурыІуэрэ зэдэІуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щІыхьэ, зи мафІэр мыужьых унагъуэ лъэщым фрихъумакІуэщи, фызипІлыр жьэгур уардэнуэу, фи Іэнэгум берычэтыр щытепщэу, гъащІэм гу щыфхуэрэ абы и Іэфіагъэ псори зыхэфщІэу, фи гукъыдэжьр къэзыІэтхэм фригушхуэу, фызэкъуэту дунейм гу щыфхуэну ди гуапэщ. Фи пщІэр лъагэу фыкъызэдгоГуэгурыкІуэри, гъащІэшхуэ къэвгъэщІэну, псэр зэщІэхъуэпсе фІыгъэмкІэ Тхъэр къыфхуэупсэну дынывохъуэхъу.

Фипхъуэху Мадинэрэ Ирэрэ.

● ЖьІэгъуэхэр

ЦІыху гъэсэным гъащІэ псо токІуадэ

♦Гуащэр тІысауэ игуэшыт дыгъэр: и пхъум хуиГъаэзрт бжьыхьэ дыгъэр, и нысэм хуигъэфащэрт гъатхэ дыгъэр.

♦Унагъуэм щумыгъэса сабийр уэрамым щыбгъуащину уемылІалІи нэхъыфІщ.

♦Ныбжьэгъуфі дыдэкІэ уэздэжнур пэжыр къыбжезыІэфымрэ ар уэ зыжеІпІэфымрэщ.

♦ЦІыхум и уасэр сомкІэкъым къызэрапщыр, атІэ и цІыхугъэмкІэщ.

♦Гуащэр щытепщэм пщыр щеудыхащ.

♦ЦІыху гъэсэным гъащІэ псо токІуадэ.

♦ГъащІэ гъэгум утезышэр уи мурадращ.

♦Иджырей зэманым пІэщІэкІам хуэдизщ къыпІэщІалъхьэжьынур.

♦Акъыл зиІэми, щІэныгъэшхэ зыбгъэдэлъми, къулыкъу лъагэ зыщІэлъми адыгагъэ ябгъэщІэмылъмэ, мыхьэнэ иІэкъым.

♦Хъарбызым и теплъэмкІэ и кум илъыр зыхуэдэр къыпхуэщІэнукъым.

♦Гужьеяр губжьам нэхърэ нэхъ Іейжщ.

♦Къэзыщэхум псори фІэльаПІэщи, зыщэм псори фІэпудщ.

КІУРАШЫН Алий.

Илъэсыщ1э гушыІэ псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. «Бостеикіэ зэвыр пщыгъэуу, уэрамыщхьэм щхьэ утет, уэ къыпхуейуэ пфІэщІри хэт?» - ДыщэкІ Залымхъан иуса, мы псалъэхэр къызыхэтха ауанщІ уэрэд цІэрыІуэр зыгъэзащІэр хэтми фщІэрэ? **3**. А шыуанышхуэм илъу пхъэ мафІэкІэ гъэва лыр зыкІэ Іэфіащи! **5**. Сыти жьіи, кьуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфі уиІэныр нэхъыфІщ. **6**. Пшэр. **7**. Махъи хъери къызыщыпымыкІ цІыху мыхьэнэншэр зыхуагъадэ ахъшІэ жыГъей. **8**. Щыхъ, гущІэгъу зымыщІэ шууей Іэлым кьрихуэкІа шы къэпщІэнтІам кьыщхьащІ. **10**. Илъэсыщ1эм зи уахътыр кьагъэх хабзэ джэдкъаз. **12**. Ди щІым и гуэгъу а планетэм усакІуэхэр теусыхьым, теусыхьурэ яГъэхъуеящ. **14**. Апхуэдэ бзэлтхъугъэм зыщыхьыуэ: щхъухьспсыхькІэ Іэзэщ, игу кьоГъамэ, дуней нэхур кьыптригъэункІыфІэнкІэ тІэу еплъынукъым. **15**. «Бын дапщэ уиІэ?» - жари зы лЫ Іущ гуэрым еупщІахэти, «сыпсэухукІэ сигъэбэмпІэну зы ..., сыпІэмэ, сигъеижьну зыпхъу» - яритащ жэуап. **17**. Мэлэчыпхъу ауан щІыным, хъэрым апхуэдизкІэ хуэІэзэти, зышэну кьыщІэупщІэ псомИ ... зыры яфІищурэ Іуигъэкіуэтырт. **18**. ЦІыхубз щыгъын: ди адыгэ бзылъхъгъэхэм я нэхъыбэм екІупсу ящыгъщ, ауэ языныкъуэхэм апхуэдизкІэ кІэщІыІуэу, пыГъэщъхуэу щатІагъэри, уи нэр хуэбгъэзэн уоукІытэ. **19**. Іэфіи фІэІуи зыщІэмылъ, псыльгъэ лъэпкъ зыщІэмыт мыГэрысэ ... пшхыкІэ мэхьэнэ иІэкъым. **21**. Іэщ ПІащэ: насып уиІэмэ, кьытехьауэ упэщІэхуэнкъым, арихьхьуэмэ бжьаКъуэпэкІэ уэзрихьэнщ. **24**. Цым, цым, цым, ... лъэбыщэжь. **25**. Дунейм уехьжа нэужь къыппкърыупщІыхь «прокурор». **28**. АпхуэдизкІэ дрийпсрийщи, ... тесу псым йопыдж. **29**. Хадзэм ит жыгыщІэ щІыкІуэкр Іэзэу «зыуэзынщІ» Іэщ. **32**. ... нэхърэ бащІэ. «Куэд жызыІэ нэхърэ куэд зылэжь» жьхуиІэщ. **34**. Щэм къэдыгъуауэ хэф джэдум унэгущэр токІие: «..., напэнщэ, мы пщІэ хьэдэгъуэдахэр сыт?!» **35**. АпхуэдизкІэ нэпсейщи, и пщІантІэм къыдэса уэсым щыщ Іэмыщ1э игу пыКІыу кьуитыфынукъым. **37**. Зэрымылъ пэ ... **38**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар зэрыхьэми зыГуэр кьренэ. **39**. ЦІыху бзаджэнадж, гу фІей.

Къехьу: **1**. Зи сом кІапитІ зэтемыхьэ къулейсыым и гурыгъэр зыхэзыщІэ щІэныр. **2**. АпхуэдизкІэ псалъэгъуейщи, махуэ псом псалъитІ-щы нэхъыбэ кьыжьэдэпшынукъым. **3**. ТхьилъымпІэрэ

Дыгъэгъаэзм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5**. Бэлагъ. **6**. Хьэкъырш. **8**. Кьугъ. **9**. Бел. **11**. Кьыщхьэ. **14**. Батыр. **15**. Пащты. **16**. Ныш. **17**. Улахуэ. **19**. Дахъу. **22**. Уае. **23**. Баш. **24**. Алъп. **27**. Хьэм. **28**. Бжэгъуу. **30**. Щыхь. **31**. Гъыбзэ. **33**. Сабир. **34**. Хы. **35**. КІэс. **37**. Бу. **39**.Тембот. **40**. Нэбгъэф.

Къехьу: **1**. Кьыльыкъ. **2**. ЩІыІуб. **3**. Щхьэл. **4**. ТІыхъужь. **5**. Бэлэбанэ. **7**. Шындырхъуо. **10**. ЕтУ. **12**. Арму. **13**. ІупщІэ. **18**. Адакъэ. **20**. Без. **21**. Дау. **25**. Тхьэгъэзит. **26**. Тхьэрыкъуэф. **28**. Бгъэр. **29**. Уасэ. **32**. Гъуджэ. **34**. Хамэ. **35**. КІытэ. **36**. Сонэ. **38**. Уагъэ.



23. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ цІыхур щыту малІэ. **26**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ер абы къоКІ. **27**. ЦІыхуфІри цІыху Іейри, бейри тхьэмыщІэри абы дыкІуэжьнущ гуа-щІэкъами. **30**. А Іэщ1агъэмкІэ лэжьэну и нэ къикІыу ди щІалэгъуалэм цІыхуищэм зы къахэкІын-къахэмыкІынщ, ауэ а Іэнатім бгъэдэтым къилэжьыр яфІэлэфыпсу псоми яшх. **31**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар зимылэм дзажэпкъ иІэщ. **32**. Уи нэпс къыщІэкІыу угъыну ухуейрэ къомыхъулІэмэ, апхуэдэ зыгІущ укъэбз, убзытэ - си Іуэхущ нэпсыр псыхьэлыгъуэу уи нэкІум кьемыжэхмэ. **33**. АпхуэдизкІэ унафэщІым хуэжьІэщІэну хьэзырщи, «си хьэр псафэ сохушэ» - кьыжриІэмэ, дзыхьышхуэ кьрагъэзаУ кьыщыхъунущ. **36**. Гъунэгъум унажэ екжэКІа цІыхубз щхьэпсыр унащхьэр тричу мэкІий : «Зэпытрэ зэкІэсу укІуэ, уи ... кьысщыхуэ?» **37**. ПшахъуэщІ хуабэм гъэмылэншэу кьина цІыхум дуней мыпЫкъум нэхърэ нэхъ кьищтэнт ... Іубыгъуэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

КъиІуэтэн псысэ куэду зиІэ

● Макъыщ1э

Кумыщ Малил ипхъу Маринэ Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къармэхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. Адыгэ жьлэжь къыщыхуа мы пщащэм Іурылъ адыгэбзэр къызыхэкІам екІупсу щхъуэжьІэнлъыкІэщ. Щэч хэлъхъьм къиІуэтэн псысэ куэду зиІэ Кумыщ Маринэ и усэбзэм зызэриуэзщІынум.

Тхьэм гъэугуи гупсыси къуитину сыпхуохъуахъуэ, Маринэ дахэ!

КЪАРМЭ Іэсиат.

* * *

Си адэ

Кумыщ Малил Мухьэмэд и къуэм хуэдэ

Си щІэр зыгъэлъагэу, си нэмыс зыІыгъ,
Си щхьэр зыгъэдахэу, адэм я нэхъыфІ.

Псалъэм я нэхъ Іэфіыр адэм къызжиІам
Къогуфыкіыр гущІэр сещхьу пхъу гъэфІам.

Зи лъэужьыр кьабзэу, зи лъэр быдэ хъуа
Тхьэшхуэр щхьэгъусэфІкІэ къызыхуэупса.

Адэм я нэхъыфІыр нобэ къысщхьэщытщ,
Укъыттеубгъуащ уэ! ЩыІэ нэхъ насып?!

Ди адэжь и пщІантІэ дымыгъэпудын,
Хьэжы дадэу жьантІэм укъытхудэсынщ.

* * *

Симыгугъэнт уэ си гур дэпхьэхыну,
Уи лъагъуныгъэр сфІэщІырт кІуэдыжьи.
Симыгугъэнт ди гъащІэр зы гъуэгу хъуну,
ГушыІэу сфІэщІырт псори есхьэкІи.
Уи гум псалъэ Іэфіу илъэхр кьыщцыжеІэм,
А псалъэхэр сэ зыуи «къысщымыхъут».
«Зэман умыгъэкІуэну» уэ щхьэкІэм,
Уи щІалэгъуэр ауэ сытми кІуэ къысщыхъут.
«Нэ фІыщІитІым си гур дахьэхащи,
Лъагъуныгъэ дауэ пхуэзмыщІынрэт?
Уи гуфІэкІэр, пльэкІэр, уи зекІуэкІэр
Сымыльагъу, - жьлІэрт, - сытхэр сщІэнрэт?
Удэ гъэгъаэм я нэхъ дахэм уэ себгъащхьырт
Упсынэпсу укъысщІэльэдэн уэхтт
Дыгъэ нуру махуэ къэс укъысхущІэплъэрт.
Уафэгу маззу жэщым укъысхуитт.
Ди гъащІэ гъуэгур зэдэдгуэшыну
Мы си гум зэи дунейми сытемыгъын.
ФІыуэ услъагъун, узгъэпэжьну
Зэи пщІыхьэпІэ къыхэмыхуа.
Сыножьэ уэ дапщэщи,
Уи нитІым сахуозэщ.
Си лъагъуныгъэр уэрщи,
КъысфІощІыр ар мызэщ.
ПсалъэфІу си гум илъыр
Уэращ щІэзгъэтІылъар,
ФІылъагъуныгъэ пэжыр
Уэращ сэ зыхуэсщІар.
Умазэ ныкъуэ щхъуантІэу
Мы сигу укъопсэлъыкІ,
ГукъуэдкІэ сыноубзэу
СфІохъуж мы пщащэр пщІыхь...

* * *

Закъуэныгъэм зыкъыскІэрещІэ,
Уи лъагъуныгъэр сщегъэгъупщэж.
ПсэлъэкІэ дахэм сызыІэпешэ
СолъэІу, си дахэ, уэ къэгъэзэж.
Мазэгъуэ жэщу си пщІыхь укъохьэ,
ГуфІэгъуэ дахэм сыкъегъэуш.
Си нэр зэтесхым си гур кьыпхуоуэ
Си гъащІэ нэхуу сигу зыщІэуш.
Мы дуней дахэм Іэфіагъыу хэлъыр
Уэрынщэу зэи къысхуэмыщІэн,
Уи лъагъуныгъэм иІэ лъапІагъыр
КъызумыгъащІэуръ щэхуу сопсэу.

* * *

Уи псалъэкІэр, уи плъэкІэр
Си гум имыкІ.
Сигу укъымыкІыу зы махуи блэмыкІ.
Дыщэм нэхъ лъапІэу укъэзгъуэтащ
Си гъащІэр, си дахэ, схуэбгьэнэхуащ.
Шэджагъуэ махуэхэр хьэлъэу
есхьэкІырт
Дэ ди зэхуэзэр кьысхуэмыгъэст.
Уэр фІэкІа мы си гум зыри имылът.
Си гъащІи, си псалъи зыхуэсхьыр
уэ зырт.
Си псэ, уэрыншэу сыхьэт схуэмыхьын,
Уэрынщэу дунейми сытемыгъын.
ГъащІэ сиІэхукІэ узгъэпэжьынт,
Уэ уи насыпри ныбдэсІэтынт!

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэзкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатім - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаэзм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Щхьэщэмыщ1 Иэз,** *корректорхэру* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *суэттехэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатім щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн уэхущ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.670 ● Заказ №42